



Avètisman: Kondisyon vaksinasyon pitit ou a

Non Timoun lan: _____ Dat: _____

ID lekòl la: _____ Nivo klas/Klas: _____

Lekòl: _____ Telefòn lekòl la: _____

Chè paran / responsab:

Nou gade dosye sante pitit ou a epi nou wè pitit ou a manke youn oswa kèk vaksen li bezwen pou li antre lekòl. Tanpri, bay imedyatman dosye ki montre pitit ou a te resevwa vaksen ki nan lis anba a oswa li te fè yon tès san pou tcheke iminite kont lawoujòl, malmouton, saranpyon, varisèl, polyo, oswa epatit B. **Dapre Lwa Sante Piblik§ 2164, yo pa pèmèt pitit ou a vin lekòl apre ___/___/___ amwenske ou ka bay dokiman ki montre li te pran vaksen obligatwa a (yo), oswa li gen prèv iminite.** Tanpri sonje: Si pitit ou a te resevwa dòz vaksen AVAN laj minimòm lan (twò bonè), dòz sa yo PA konte nan kantite dòz li bezwen an.

VAKSEN	Kantite dòz li bezwen	REMAK (Gade SH65 pou detay dapre laj timoun lan ak klas l ap fè)
DTaP (<i>Diphtheria-tetanus-acellular pertussis</i>) DTP (<i>Diphtheria-tetanus-pertussis</i>) Td (<i>Tetanus-diphtheria</i>)	__ 1ye __ 2yèm __ 3yèm __ 4yèm __ 5 yèm	
Tdap (<i>Tetanus-diphtheria-acellular pertussis</i>)	__ 1ye	Se sèlman dòz Tdap (oswa DTap) yo bay lè timoun lan te gen 10 zan oswa plis ki satisfè kondisyon pou klas 6yèm ak 7yèm ane; dòz yo bay lè li te gen laj 7 an oswa plis satisfè kondisyon pou klas 9yèm rive 12yèm ane.
IPV/OPV (<i>Polio</i>)	__ 1ye __ 2yèm __ 3yèm __ 4yèm	Yo aksepte tès san ki montre prèv iminite men yo dwe gen ladan <u>tout twa serotip polyo</u> yo (tès yo dwe te fèt avan septanm 2019).
MMR (<i>Measles, mumps, rubella</i>)	__ 1ye __ 2yèm	Yo aksepte tès san ki montre prèv iminite.
HepB (Hepatitis B - Epatit B)	__ 1ye __ 2yèm __ 3yèm	Yo aksepte tès san ki montre prèv iminite oswa enfeksyon HepB ki kwonik.
Varisèl (<i>Chickenpox</i>)	__ 1ye __ 2yèm	Yo aksepte tès san ki montre prèv iminite OSWA ajan sante a bay dokiman pou maladi a.
MenACWY (<i>Meningococcal Conjugate</i>)	__ 1ye __ 2yèm	Se sèlman dòz Tdap MenACWY yo bay lè timoun lan te gen 10 zan oswa plis ki satisfè kondisyon pou klas 7yèm, 8yèm ak 9yèm ane; dòz yo bay avan laj 10 ane satisfè kondisyon pou premye dòz la pou klas 10yèm rive 12yèm ane.
Hib (<i>Haemophilus influenzae tip b</i>)	__ 1ye __ 2yèm __ 3yèm __ 4yèm	Gadri timoun, Head Start, Nursery, 3K oswa Pre-K
PCV (<i>Pneumococcal conjugate</i>)	__ 1ye __ 2yèm __ 3yèm __ 4yèm	Gadri timoun, Head Start, Nursery, 3K oswa Pre-K
Influenza	__ 1ye	Gadri timoun, Head Start, Nursery, 3K oswa Pre-K

Remak pou founisè: Tanpri ale nan schools.nyc.gov epi chèche “immunizations” pou gade SH65 Kondisyon vaksen pou ane lekòl 2022-2023 (Medical Requirements for School Year 2022-23) nan seksyon enfòmasyon pou founisè (“Information for Providers”) ak fòm ki gen rapò avèk obligasyon pou vaksinasyon nan lekòl.

Note to Providers: Please go to schools.nyc.gov and search “immunizations” to review SH65 (Medical Requirements for School Year 2022-23) in the “Information for Providers” section and school immunization requirements-related forms.

Tanpri montre ajan medikal pitit ou a lèt sa a pou asire pitit ou a resevwa dòz ki manke yo. Si pitit ou a te **deja** pran vaksen sa yo, tanpri ba direktè lekòl ou a dosye vaksinasyon oswa dosye iminite a. Yo p ap ba w yon lòt delè. Si w gen nenpòt kesyon konsènan Lwa ki egzijè vaksen pou lekòl, oswa si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou ki kote pitit ou a ka pran vaksen, tanpri rele **311**.

Avèk sènsèrite,
